

**РÆСТДЗИЙНАДÆБÆЛ БАСТ ÆЙ ЦАРД ÆНÆГЪÆНÆЙ ДÆР ÆМА Æ АЛЛИ БОН ДÆР!..**

***Рагонкитайаг зундилæг Сюнь-цзы уотæ дзурдта: «Алцæмæй дæр æнхæст адæймаг устур зонундзийнæдти хецау ку уа, уой хæццæ ба аллибон дæр æхе ку бæрæг кæна æма ку бæлвурд кæна æ хедарундзийнадæ, уæд е зундгин æй æма не ’руадзуй рæдудтитæ...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№12 (838) 2022 анзи 15 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман






САД ПАМЯТИ
МЕЖДУНАРОДНАЯ АКЦИЯ



# «ЗÆРДÆБÆЛДАРУНИ РÆЗБУН»

Устур Фидибæстон тугъди нæ Цитгин Уæлахези кадæн Уæрæсей Федераций Президент Владимир Путини бафæдзæхстмæ гæсгæ цалдæр анзей дæргъи уалдзæги арæзт æрцæуй Æхсæнадæмон акци «Зæрдæбæлдаруни рæзбун». Нæ историон зæрдæбæлдаруйнадæ æма советон адæми æскъуæлхтдзийнади æнæмæлгæ намус багъæуай кæнуни гъуддаги уомæн æ ахедундзийнадæ хъæбæр агъазиау æй. Нисангонд ба æрцудæй Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Райгурæн бæсти сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, уони рохс нæмттæ исæносон кæнун. Уони номерæнæн алли анз дæр арæзт æрцæуй рæзбæлæсти талатæ. Аци анз Уæрæсей еугур рауæнти арæзт æрцæудзæнæй 27 миллион талай – тугъди будурти немуцаг-фашистон æрдонгти нихмæ тугъдтити рæстæг ка фæммард æй, уони нимæдзи бæрцæ. Цæгат Иристони алли рауæнти арæзт æрцæудзæнæй аллихузон рæзбæлæсти 34300 талай. Еци арфиаг мадзали архайдзæнæнцæ нæ республики цæргутæ кæстæрæй-хестæрæй.

Аци мадзалæн ма еума ахсгиаг нисанеуæг ес – уой фæрци ирддæрæй рабæрæг уодзæнæй нæ Фидибæсти еугур адæмти еудзийнадæ æма æмзæрдæдзийнадæ, нæ Райгурæн бæсти намус æма кадæбæл рæстуодæй ауодундзийнадæ, æ сæрбæлтау æновуæдæй архайунмæ цæттæдзийнадæ. Уомæ гæсгæ ба ни алкедæр ихæсгин æй еци мадзали разæнгардæй байархайунæй.

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2022 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

## НОМЕРÆН



### «ФИЦЦАГИДÆР – РÆСТЗÆРДÆ УН ГЪÆУЙ!..»

– Мæ бон еу гъуддаги туххæй федарæй зæгъун æй: ци рауæн косис, уоми гъæуама уай кæдзосзæрдæ, æнæхийнæ. Уæлдайдæр ба литератури: уоми сайæн нæййес, нæййес сайæн æндæр рауæнти дæр, фал литератури сайд куд ирдæй, куд бæлвурдæй разиннуй, уотæ ба – некæми. Айдагъдæр кæдзосзæрдæй, уоди тæлæнæй, рохс цæсгонæй ниффинсæн ес æцæг литературон уадзимис...

***

Аци гъуди кæддæр æ радзубандитæй еуеми загъта Мæрзойти Сергей. Абони ба ’й уомæ гæсгæ æримистан, æма Цæгат Иристони адæмон финсæг, Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат, литературон критик æмæ æртасæг, публицист, æхсæнадон архайæг **Мæрзойти Тимофейи фурт Сергейи** райгурдбæл 10 апърели исæнхæст æй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1927-2008). Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 4-6-аг фæрстæбæл.

## АХСГИАГ ЦАУ

1100 крещения Алании

### БÆРÆГБОНБÆЛ ИСÆМБÆЛÆН ХУÆРЗЦÆТТÆЙ...

Уæрæсей Федераций Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Дмитрий Чернышенко** си разамунд лæвардта, уотемæй æрæги Мæскуй арæзт æрцудæй Аланибæл исаргъуди 1100 анзей бæрæгбонмæ цæттæ кæнуни федералон организацион комитети еума æмбурд. Аци паддзахадон исконд арæзт æрцудæй Уæрæсей Президент **Владимир Путини** Указмæ гæсгæ.

Зундгонд куд æй, уотемæй юбилейи кадæн мадзæлттæ бæрæггонд цæудзæнæнцæ аци анзи дæргъи, сæ сæйрагдæртæ ба – сентябри. Уой дæр айдагъ Иристони нæ, фал федералон æмвæзади дæр.

2


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria

*Номдзуд уруссаг финсæг Лев ТОЛСТОЙИ (1828-1910) фæдзæхст: «Ци цардиуаги фæткæ æвæрд æрцудæй, уой райййевуни туххæй цаути нихмæ тох кæнун нæ гъæуй, фал, еци цаутæ ци гъудитæй райгурдæнцæ æма ма игурунцæ, уони нихмæ...»*

### ЦУБУРДЗУРДÆЙ...



**Михаил МИШУСТИН, Уæрæсей Федерацийи Хецауади Сæрдар:**

– Нуртæккæ нæ бæсти астæуккаг ахургæнæндæнтти гъар хуæлцæ лæвæрд цæуй 7,5 миллион скъоладзауемæн. Аци анз уой туххæй федералон бюджетæй дехгонд цæуй 65,3 миллиард соми...

### ХУАРЗ ХАБАР – НИФСДÆТТÆГ!..

Цæгат Иристони гъæуунхæдзарадон кустуæтти доцгæ гъоцити бæрцæ фæффулдæр æй 9,7 проценти. Уой фæрци ба æхсири кусти бæрæггæнæнтæ дæр, фари хæццæ рабаргæй, аци анз исирæзтæнцæ 18,5 процентей бæрцæ.

***

**Цæгат Иристони промышленности райрæзти республикон Фондбæл бафтуйдзæнæй 250 миллион соми. Еци фæрæзнитæ промышленнон кустуæттæн лæвæрд цæудзæнæнцæ æфстау дууæ-æртæ процентебæл фонд анзей æмгъудмæ.**

***

Цæгат Иристони идарддæр æнхæстгонд цæуй коронавируси нихмæ дзиллон вакцинаци. Аци ахсгиаг профилактикон-санитарон мадзалæй нерæнгæ испайда кодтонцæ нæ республики цæргутæн сæ 49 проценти (260 мин адæймагемæй фулдæр). Æртинсæй анземæй фулдæр кæбæл цæуй, уонæй прививкитæ искодтонцæ сæ 37 проценти (53 мин адæймагей бæрцæ).

***

**Дзæуæгигъæуи спортивон скъола «Æвзонгадæ»-йи фæзти сабати райдайдзæнæнцæ нæ республики астæуккаг ахургæнæндæнтти футболон командити еристæ Цæгат Иристони Сæргълæуууæги приз рамолунбæл. Мадзал арæзт цæуй регионы разамонæг Сергей Меняйлой хъæппæресæй.**

***

Еумæйаг паддзахадон фæлварæнтæ дæттуни æмгъуд аци анз уодзæнæй 26 майæй 2 июли уæнгæ. Нæ республики еци ахсгиаг мадзали архайдзæнæй 3,5 мин рауагъдонемæй фулдæр.

***

**Санитарон искæдзосдзийнади æма хуæрзарæстдзийнади мæйон Дигори районы райдæдта дзиллон зеуæй – районы центри дæр æма еугур гъæути дæр адæм еузæрдиуонæй базилдæнцæ æхсæнадон рауæнтæмæ, рандæ кодтонцæ æнæбунати бугъгалæнтæ. Куд унаффæгонд æй, уотемæй ауæхæн дзиллон мадзæлттæ идарддæр дæр арæзт цæудзæнæнцæ.**

***

Дзæуæгигъæуи 25 апърели райдайдзæнæй фæсевæдæн зæрдæмæдзæугæ мадзал «Аланий студентти уалдзæг – 2022». Абоникон уавæртæмæ гæсгæ, е иннæ æнзти хузæн парахаттæй æма бæрæгбонхузæй арæзт кæд не 'рцæудзæнæй, уæддæр цæмæдессаг уодзæнæй. Фиццагидæр уомæй, æма кæрæй-кæронмæ дæр уодзæнæй патриотон разæнгарддзийнади бундорбæл. Кæронбæттæн концерт ба рацæудзæнæй 29 апърели фæсевæди республикон Галауани.

***

**«Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади системи фиццаградон къæпхæни модернизаци», зæгъгæ, еугуруæрæсеуон программæмæ гæсгæ, фарæ Цæгат Иристони гъæуон медицинон косæндæнттæн æлхæд æрцудæй 26 санитарон хуæдтолги. Аци анз ба уæхæн косæндæнттæн балхæндзæнæнцæ никкидæр ма 9 уæхæн хуæдтолги.**

# «ИРИСТОН МИН ИССÆЙ МÆ ДУККАГ ФИДИБÆСТÆ!..»



ИРИСТОНИ, æвæдзи, нæ разиндзæнæй уæхæн адæймаг, æма номдзуд ахургонд **Владимир Кузнецови** кенæ комкоммæ ка нæ зонуй, кенæ ба ин æ ном æма æ агъазиау арфиаг гъуддæгути кой нæ фегъустайдæ, уæхæн адæймаг. Æ наукон-æртасæн фæллæнттæй устур кадæ искодта нæ адæмæн, æма си нæ дзиллæ дæр хъæбæр боз æнцæ, зæрдиагæй æй алкæддæр цитгин кæнæн.

Уомæн еума æвдесæн – нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æрæги сæрмагондæй фембалдæй историон наукити доктор, профессор Владимир Кузнецови хæццæ. Уой дæр æхцæуæн гъуддаги фæдбæл – нæ адæми историон-культурон евгъуд æности цаутæ æма хабæртти æцæгдзийнадæ исбæлвурд кæнуни æма сæ багъæуай кæнуни сæрбæлтау æ агъазиау хъиамæттæн аргъгæнгæй ин аккаггонд æрцудæй «Цæгат Иристони кадгин гражданин»-и ном.

Еци хуæрзеуæг ин дæтгæй, Сергей Меняйло загъта:

– Фæндуй мæ нæ хестæрæн арфи æма нæ бозни зæгъуйнæгтæй зæрдиагæй райарфæ кæнун. Владимир Александри фурт, ду нæ республикæн ци берæ гъуддæгутæ исаразтæй, уони ахсгиагдзийнадæн аргъ нæййес. Дæ æвæллайгæ фудæбони æма дæ ахсгиагæй ахедгæ гъуддагбæл æновуддзийнади туххæй ди хъæбæр боз ан. Дæ зонундзийнæдтæ æма курухондзийнадæ иннети хæццæ ке дех кæнис, уой туххæй райсæ нæ арфитæ. Æнæнез уо, дæхе гъæуай кæнæ!..

Владимир Кузнецов æ радзубандий куд бахахæ кодта, уотемæй ин хъæбæр æхцæуæн æй, æгайтима æ цардвæндаг æнæгъæнæй дæр баст рауадæй Цæгат Иристони, уой адæми карни хæццæ.

– Дæс æма æртинсæй анзей дæргъи архайун алайнаг-иристойнаг фарстатæ наукон æгъдауæй исбæлвурд кæнуни гъуддаги. Æргомæй æй зæгъун: Иристон мин иссæй мæ дуккаг Фидибæстæ.

Владимир Кузнецов берæ æнзти дæргъи археологон-æсгарæн ракъæхтитæ кодта еугур Цæгат Кавкази дæр. Е 'ртасæн хатдзæгтæ бæрæг æнцæ æ берæ киунугути æма монографити. Фарæ ци нæуæг наукон-публицистикон куст рауагъта мухури, уой исхудта «Кто мы? Осетины-аланы Кавказа». Еци кустæй, зæгъун æнгъезуй, дессаги æнхæст кæронбæттæн искодта æ берæ æнзти дæргъи наукон, æскъуæлхтгин фæллойнитæн. Уогæ нæ зæрдæ дарæн, æма нин нæ зæрдитæ никкидæр ма ке барохс кæндзæнæй е 'ндæр куститæй дæр ма.

# БÆРÆГБОНБÆЛ ИСÆМБÆЛÆН ХУÆРЗЦÆТТÆЙ...

Сæ аци æмбурди организацион комитети иуонгтæ еума хатт лæмбунæг æркастæнцæ, юбилейон мадзæлттæ цæйбæрцæбæл афойнадæбæл æма æнæгъæнæй æнхæстгонд цæунцæ, уомæ. Фембæлди архайдтонцæ федералон ведомствити минæвæрттæ. Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æ сæргъи, уотемæй си архайдта нæ республики бæрнон косгути делегаци.

– Аланибæл исаргъуди 1100 анзей бæрæгбон айдагъ Иристонæн нæ, фал æнæгъæнæ Уæрæсейæн дæр, æнæмæнгæ, исуодзæнæй анзи сæйрагдæр културон цаутæй еу, – загъта æ радзубандий Дмитрий Чернышенко.

Комитети иуонгтæ куд исбæрæг кодтонцæ, уотемæй 2010-2021 æнзти дæргъи республики цудæй куст наукон, рауагъдадон æма æндæр уæхæн проекттæ исæнхæст кæнунбæл, историон-културон объектти цалцæгбæл. Райарæзти куститæй уæлдай, организацион комитети иуонгтæ фæббæлвурддæр кодтонцæ, юбилейон мадзæлтти рæстæг Дзæуæгигъæуи æма Мæскуй ци равдиститæ, презентацитæ, мастерклhistorytæ... 

– Уæрæсей Федерацийи Хецауадæй арфиаг дæн, юбилеймæ аккаг хузи бацæттæ кæнунæн еугур фадуæттæ дæр ке исаразта, уой туххæй. Федаралæй ни æруагæс кæнуй, еумæйаг хъауритæй архайгæй, бæрæгбони мадзæлттæ тæккæ бæрзонддæр организацион æмвæзадæбæл æнхæстгонд ке 'рцæудзæнæнцæ, е.

Фембæлди кæронбæттæни ба Дмитрий Чернышенко, юбелеймæ цæттæ кæнуни мадзæлттæ исаразуни федералон ведомствитæ ка архайуй, уони разамонгути фехæсгин кодта бæлвурд фæдзæхститæй.



# «ЦÆМÆЙ РАЙДАЙУЙ РАЙГУРÆН БÆСТÆ...»

ФАШИСТОН концлагерти ахæстити исуæгъдæ кæнуни Æхсæнадæмон бони фæдбæл фонд «Фæлтæри хед» туггъдонисторион кинонивти VIII фæсевæдон кинофестивали културон-рохсадон программи фæлгъæти аразуй концлагерти æнагъон ахæстити тухххæй ист уадзимистæ, уæдта сæ хæццæ фембæлдтитæ. Мадзал рацæудзæнæй 24 апърели уæнгæ нæ бæсти еугур рауæнти кинотеатрти, уæлдæр ахургæнæндæнтти, скъолати фæсевæди Хæдзæртти æма æндæр рауæнти.

Еугуруæрæсеуон паддзахадон телерадиокомпани арæзуй фæсевæдон патриотон зари Еугуруæрæсеуон телеуинунадон марафон-фестиваль «Цæмæй райдайуй Райгурæн бæстæ...» Уоми архайун æй сæ бон айййевади алли хузти архайгутæн. Уой тухххæй си курдиæдтæ ист цæудзæнæй 30 апърели уæнгæ, электрон адрес æй marafon@alaniatv.ru

# ХУАСТÆ УÆЙÆГÆНÆН ПУНКТТÆ – ИДÆРДДЗÆФ ЦÆРÆН РАУÆНТИ

АФТЕКТÆ кæми нæййес, еци идæрддзæф цæгат-иристойнаг цæрæн рауæнти, уæлдайдæр ба хуæнхбæстон гъæути, хæстæгдæр рæстæг байгон кæндзæнæнцæ хуастæ уæйæгæнæн пункттæ. Уой тухххæй фегъосун кодта республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр **Тебиати Сослан**.

Уой загъдмæ гæсгæ уæхæн цæрæн рауæнти косдзæнæнцæ сæрмагонд киосктæ. Уордæмæ хуастæ æма æндæр медицинон ефтонггæрзтæ заказ искæнæн уодзæнæй дистанцион фæткæмæ гæсгæ дæр.

Куд зонæн, уотемæй анзи райдайæни Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** профилон ведомствитæн баихæс кодта, цæмæй хуастæ уæйæгæнæн пункттæ байгон уонцæ, афтектæ кæми нæййес, уæхæн идæрддзæф цæрæн рауæнти. Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, уæхæн гъæутæ æнцæ инсæйей бæрцæ.



**Нæ фидибæстон науки Бон бæрæггонд цæудзæнæй хуцаубони, 17 апърели. Зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ республики еугур наукон косгутæн дæр. Фæндуй нæ, цæмæй син уа еугур фадуæттæ дæр æнтæстгин кустæн.**



# ФИДИБÆСТИ РАЗМÆ ИХÆС РÆСТЗÆРДÆЙ ФЕДДУЙНАГ ÆЙ!..

Нæ адæммæ алкæддæр хъæбæр сæрустур адтæй нæ фидибæстон æфсадæ. Нæ номдзуд финсæг Цæгæрати Максим е 'мдзæвгитæй еуеми уой туххæй уотæ финста:

*Нæ туг дæ, не 'стæг, Сырх Æфсад*
*У арæхстджын дæ къух.*
*Сæрибар бæсты фидарад*
*Ды хъахъхъæныс æдзух…*

Æма советон доги фæсевæд разæнгардæй цудæнцæ æфсадмæ Фидибæсти рази сæ ихæс бафедуни нифсæй.

Гъулæггагæн, евгъуд æноси 90-аг æнзти не 'хсæнади ахсгиагдзийнæдтæй берæ цидæртæ ку исæмæнтъери 'нцæ, уæд æфсæддон исуни кари кæстæртæй беретæ уоййасæбæл нæбал разæнгард кодтонцæ фидибæстон æфсадмæ цæунмæ. Æфсæддон гъуддаги кадæ зингæ фæннидæндæр æй. Хуарз æма еци уавæр берæ нæ рахаста, æма бабæй исцитгин æй æфсадмæ цæуни гъуддаг. Уомæн ирд æвдесæн æй, æфсади рæнгъитæмæ фæдздзурд анзæйанзмæ куд дзиллондæр кæнуй, тиллеф си ка кæнуй, уони нимæдзæ минкъийæй-минкъийдæр ке кæнуй, е.

Куд алли анз, уотæ нур дæр Цæгат Иристони райдæдта Уæрæсей Гæрзефтонг тухтæмæ уалдзигон фæдздзурд æма цæудзæнæй 15 июли уæнгæ.

Дзæуæгигъæуи æфсæддон комиссарадæмæ бæлвурд бæнтти æрæмбурд уй берæ фæсевæд. Сæ хæццæ фæдздзубанди кæнунцæ сæрмагонд къамиси иуонгтæ, аллихузон дохтиртæ син се 'нæнездзийнадæмæ лæмбунæг æркæсунцæ.

– Евгъуд æнзти хæццæ рабаргæй, гъулæггагæн, фулдæр æй е 'нæнездзийнадæ æнхæст федар кæмæн нæй, уæхæн лæхъуæнти нимæдзæ, – зæгъуй дохтир-невролог Гаглойти Ларисæ. – Кæмæ си ес игурцæй рахæсгæ незтæ, се 'хсæн разиннуй эпилепсийæй сæйгитæ, сæри цæфтæ ка бавзаруй, уæхæнттæ, уæдта инвалидтæ. Уомæ гæсгæ ба уонæй кадæртæ хаст цæунцæ æфсади фæстауæрцæ тухти рæнгъитæмæ.

Æхе æфсадмæ ка цæттæ кæнуй, еци лæхъуæнтæ ци къамиси рази æрлæуунцæ, уой иуонгтæ 'нцæ Дзæуæгигъæуи администраций, ахуради управлений, медгъуддæгути министради, адæмæн куст дæттуни служби, æхсæнадон организацити минæвæрттæ.

Дзæуæгигъæуи комиссаради служжбæмæ фæдздзурди хайади сæргълæууæг Уалити Автандил куд зæгъуй, уотемæй аци уалдзæг æфсади рæнгъитæмæ рандæ уодзæнæнцæ сахайраг æртæсæдæ лæхъуæни – евгъуд анзи куд адтæй, уойбæрцæ. Сæ фулдæр се 'фсæддон ихæс æнхæст кæндзæнæнцæ медгъуддæгути æфсади æма Национ гвардий рæнгъити. Уалий-фурт федарæй уой дæр загъта, æма нур æфсади рæнгъитæмæ кæмæ фæдздзордзæнæнцæ, уонæй, тугъдон æзмæститæ кæми ес, уæхæн рауæнтæмæ си еунæг дæр æрвист ке неке 'рцæудзæнæй. Æрвист æрцæудзæнæнцæ Уæрæсей алли регионтæмæ, сауæнгæ Идард Скæсæнмæ, службæ кæндзæнæнцæ Нигулæйнаг æма Хонсайраг æфсæддон зилдтити, уой хæццæ Мæскуй æма Санкт-Петербурги дæр.

Аци анз уалдзæги æфсадмæ фæдздзурди гъуди цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй, е бæлвурд æй уомæй дæр, æма имæ комкоммæ цæстдард ес Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйлой æрдигæй. Еци æууæл æрæги фæдздзурди къамиси æмбурди сæрмагондæй баханхæ кодта нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг Томайти Сергей.

Нæ республики æфсæддон комиссар Владимир Устинов æ радзубандий Дзæуæгигъæуи æма районти разамонгутæмæ фæдздзурдта, цæмæй æнхæстдæрæй испайда кæнонцæ æхсæнадон организацитæ æма еугæндти, уæдта дзиллон хабархæссæг фæрæзнити гæнæнтæй, бундоронæй аразонцæ адæми 'хсæн лæдæрунгæнæн куст, кæстæрти ба разæнгард кæнонцæ се 'фсæддон ихæс лæгигъæдгунæй æнхæст кæнунмæ.

Нæ бæсти Гæрзефтонг тухти рæнгъитæмæ уалдзигон фæдздзурд ку райдæдта, еци бонæй фæстæмæ косун райдæдта республики æфсæддон комиссаради комкоммæ бастдзийнади телефон дæр.

Уордæмæ æрбадзоргæй, алли адæймагæн дæр уодзæнæй равгæ æфсæддон службæмæ фæдздзурди туххæй алли фарстайæн дæр æфсæддон комиссаради косгутæй бæлвурд дзуапп райсун.

Еци равги фæрци, æфсадмæ цæун ке гъæуй, уонæн сæ бон уодзæнæй сæхе, куд гъæуй, уотæ рагацау бацæттæ кæнун.

Базонæн ба уодзæнæй, нæуæг æфсæддонтæй ка кумæ æрвист цæудзæнæй, контрактмæ гæсгæ æфсæддон службæмæ раййевунæн фадуат ес æви нæййес, уæхæн æма ма берæ æндæр фарстатæ.

Комкоммæ бастдзийнади телефони номер: **74-83-49.**

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Еу лæг æ синхонæн рахабар кодта:*

*– Мæ тохъул фурнæрдæй цæун нæбал фæразуй, фал æй мæ цæстæ равгæрдун нæ уарзуй, æма ци кæнон?*

*Уæд ин æ синхаг зæгъуй:*

*– Равгæрдæ 'й, æдули, æма сæумæй ба рафæдес кæнæ, радавтонцæ мин æй, зæгъгæ, æма дин æ аргъ хъалагъуртæ бафеддзæнæнцæ. Æхсæвæ тохъули синхаг æхуæдæг радавта.*

*Сæумæй æ хецау фæффæдеси æй:*

*– Æдосæ мин кадæр мæ тохъул радавта!..*

*Уæд дин имæ æ синхаг дзоруй:*

*– Гъе!.. Уотæ дзорæ, уотæ!..*

*– Æцæгæй мин фæддавди æй, æцæгæй!..*

*– Гъе, гъе!.. Уотæ дзорæ, уотæ!.. Хуарз дзорис!..*

***

Нæ бæсти хæдзаради еугур къабæзтæ дæр фæсарæйнаг паддзахæдти евгед ка бакодта æма ин уотемæй æ есбонадæбæл ка фæххæлæф кодта, етæ нæ абониккон зиндзийнæдтæй æдзæсгонæй фудгин кæнунцæ æндæр кедæрти. Гъо, Уæрæсей еминæн ка уинуй, етæ нæ нихмæ фудæнхитæ аразунцæ. Фал уæддæр знæгтæ ба айдагъ фæсарæнти агорун нæ гъæуй – етæ фагæ 'нцæ нæ медбæсти дæр. Ка 'нцæ, уой ба нæ еугурдæр бæргæ уинæн...



**Владимир ЛЕНИН (1870-1924), Советон Цæдеси бундорæвæрæг: «Æхсæнади цæрæ æма æхсæнадæй сæребарæ уæн нæййес!..»**

Уæхæн бæрнон æгъдау фæууй, еугур дзиллæ дæр рæстудæй ци æхсæнади фæццæрунцæ, уоми. Фал нури Уæрæсей «нæуæг цардиуагæ» аразгутæмæ ба æндæр зундирахаст ес: æхсæнади медæгæ цæргæй æма ин æ еугур фарнæй айдагъдæр сæхе хуарзæн пайда кæнгæй, сæхе æхсæнади рази еугур ихæстæй дæр кæрæй-кæронмæ исуæгъдæ кодтонцæ...



**Сергей ГЛАЗЬЕВ, Евразиаг экономикон къамиси интеграци æма микроэкономики министр: «Санкцион гæрзтæ Хорнигулæни къохти Уæрæсе æхуæдæг бакодта, æ валютон фæстауæрцитæ фæсарæйнаг активти байвæргæй æма хе промышленностмæ паддзахадон инвестицитæ ба фæццубуртæ кæнгæй... Нур гъæуй еци рæдудтитæ исраст кæнун...»**

Бæргæ сæ гъæуй исраст кæнун, уæлдайдæр нури уавæрти, фудзæрдæ нæмæ ка даруй, етæ нæ нихмæ санкцитæ æма æндæр хъилма фудмиутæ ку аразунцæ, уæд. Фал кутемæй? Ка сæ гъæуама исраст кæна, аразгæ дæр сæ етæ ку искодтонцæ, уæдта сæ фулдæр абони дæр «унаффæхæссæг» ку æнцæ. Æма сæ бафæнддзæнæй сæ рæдудтитæ исраст кæнун?..



**Александр ПРОХАНОВ, финсæг: «Уæрæсей адæм цубуркъохæй дæр цæрун бафæраздзæнæнцæ, сахартæй рандæ уодзæнæнцæ будуртæмæ, гъæдтæмæ... Æмбурд кæндзæнæнцæ зокъотæ, гагатæ, нæ адæм цæттæ 'нцæ устур æрхæндæгдзийнæдти рæстæг алцæмæн дæр бафæразунмæ...»**

Нæ адæм устур æрхæндæгдзийнæдти рæстæг гъæдтæмæ айдагъ зокъотæ, гагатæ, æхсæртæ æма æндæр уæхæнттæ амал кæнунмæ нæ цудæнцæ, фал ма... Зæгъæн, Устур Фидибæстон тугъди рæстæг, немуцаг-фашистон æрдонгтæ Советон Цæдесмæ ку 'рбалæбурдтонцæ, уæд куд адтæй... Нур дæр Уæрæсей нихмæ фæсарæйнаг паддзахæдтæй кæцидæртæ æцæг тугъд исаразтонцæ сæ фудракæндтитæй. Фал нæ адæми гъæдтæмæ цæун нæ гъæуй – хуæздæр уодзæнæй, алкедæр ни рæстзæрдæй, кæрæдзей сагъæстæ лæдæргæй ку араза æ цардиуагæ, архайа нæ Фидибæсти цæрунгъондзийнади сæрбæлтау.

АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ЛÆХЪУÆНИ ЛÆГÆВЗАРÆН – ÆФСАД!..

***«Æфсади балæггадæ кæнун ихæсгин æй алкедæр?..» Уæхæн фарста Фонд «Æхсæнадон цæстингас»-и æртасгутæ уæрæсейæгтæй кæмæ равардтонцæ, уонæн сæ 56% уотæ нимайунцæ æма æфсади балæггадæ кæнун æй алли æригон адæймаги ихæс дæр. Уой хæццæ ба æрфарст адæмæй алли дуккаг дæр (49%) куд нимайуй, уотемæй тæккæ хуæздæр ба уидæ, Уæрæсейаг æфсад арæзт ку цæуа айдагъдæр кенæ ба фулдæр контрактниктæй. Мадта 16% ба федарæй уотæ нимайунцæ æма æфсади гъæуама уонцæ айдагъдæр кенæ ба фулдæр, паддзахадон фæдздзурдмæ гæсгæ байагурд æфсæддонтæ. Æфсæддон не 'хсæнади цæйбæрцæбæл цæстиварди æй, зæгъгæ, фарстабæл дзуапдæтгутæн сæ 53% куд нимайунцæ, уотемæй æ кадæ бæрзонд æй, 19% ба ниллæггомау æй, зæгъгæ, гъуди кæнунцæ.***




**Олимпаг гъæзтити дууæ хатти чемпион, спорти æскъуæлхт мастер, Уæрæсей æма Цæгат Иристони æскъуæлхт тренер Андиати Петри фурт Сослани райгурдбæл 21 апърели æнхæст кæнуй дæс æма æртинсæй анзи (1952-2018).**

*Испайнаг литератури классик Мигель де УНАМУНО (1864-1936) уотæ финста: «Еске ни хæрæнтти нихмæ ку исдзоруй, галеу миутæ æма царди фауйнæгтæ хормæ хæссун ку байдайуй, уæд нецæййаг цагъартæ сусу-бусутæбæл исхуæцунцæ, гъома, аци лæги ци гъæуй, ци пайдамæ æнгъæлмæ кæсуй. Хатгай уотæ дæр рагъуди кæнунцæ æма*

**МÆРЗОЙТЫ Сергей** **радзырд**

# ХАХУЪЫР



Мæй хохы тигъæй йæ бырынкъ сдардта. Нарæг къæдзмæдзытæ уынг уæгъд æппæрст рæхысау ферттывта. Алы цæг дæр – хæдзары къуым. Фæиртасæн сын нæй. Хицæнтæй – сывæллæтты хъазæнтæ, æнæхъæнæй – бинонты дарæг, Сафайы хорзæх.

Рæхысæй баст сты адæм кæрæдзиуыл. Æмæ йын хъуамæ исчи йæ кæроныл хæца фидар къухæй. Науæд фыдæлты æгъдæуттæ, царды фæтк комы талынгмæ ныззывввытт кæндзысты ацы балбирæгътæ. Холы агурæг смудгæ зилынц, хъустæ æмæ цæстытæ фестадысты.

Хъахырман не 'суадздзæн йæ амонды рæхыс. Разагъддæр лæджы номмæ нæ бæллы. Дзæбийæ уыцы бар никæмæ хауы, кæд æй чындзхæссæгау дард кæдæмдæр фæхастой, уæддæр. Йæ галтæ сифтындзынмæ йын сæ ныфс куы нæма хæссынц, йæ дугъонып ын саргъ куы ничима сæвæрдта. Колхозы кæрты вæййынц æхсæв, æмæ уый цы давы? Зындзæн сæ хицау. Арв куыд нæры, афтæ нæ цæвы. Æмæ йын Уастырджимæ æртæ чъирийæ чи скува, уый Хъахырман. Фыдæй фыртмæ дыууæ мыггаджы: туг никуы фемхæццæ, зæхх дæр сын фиддонæн нæма бахъуыд, Хуыцауæй бузныг. Фæлæ лæг æмсæр лæджы фæагуры цæдис æмбалæн. Æмæ кæрæдзийæн адджын уыдысты, кæд Хъахырманæн йæ ис, йæ бон анымайынæн йæ къухы æнгуылдзтæ уæлдайдæр ма уыдысты, уæддæр. Бæхтæ, галтæ, фыстæ... Ныр æнгуылдзтæн сæ фылдæр æгуыстæй аззайы, æмæ сæм хъама сласынмæ дæр нæ афæстиат уыдаид, фæлæ тагъд дон фурды не 'ййафы. Куыдзи йæ дуканийы дæгъæлтæ йæ роныл бастæй дзæгъæлы нæ дары. Уый дæр ма цæхх, фæтæген æмæ æндæхтæй хæдзар куы сси.

Ахæрынæй анхъæлмæ кæсын хуыздæр. Ныхасы уал сæмпæрчъи Хъырым таурæгътæ хæссæд – йæ сæгдзыд къæсы йæм уæдæ чи байхъусдзæн?

Мæймæ диссаг фæкастысты Хъахырманы хъуыдытæ æмæ йæ тæккæ сæрмæ æрцауындзæг.

Лæджы ауон уæлхæдзар афаста, дургуыбын кæртыл цæхгæрмæ ахызт æмæ Хъырымы дуарыл йæхи скъуырдта. Ноджыдæр ма иу ауон калд мæсыджы тигъæй разынд æмæ уый дæр уæлхæдзар, кæрт æмæ уынджы сæрты ахызт. Фаззæттау фæрсæй-фæрстæм хуыссынц.

Къух хъамайы сæрыл нындæгъд. Лæг сонт фарстæй нæ фидауы. Хабархæссæг йæ зæгъинаг нæ ныууадздзæн æнæдзургæ. Мæйдар æхсæв йæ фæдзæхсæг. Цы уа, цымæ, цы бæллæх у?

– Дæхи ауонæй дæр куы стъæлфыс? Дæ магъз дын бацъырдтой, æнхъæлдæн!

– Дзæби? – фæзылд Хъахырман. – Кæцæй фæдæ? Цы Хуыцау дæ æрхаста?

– Мæрдты бæстæй. Уæлæуыл ма мын æнæконд хъуыддæгтæ баззад, стæй ма, зæгъын, æххæст мæ зæронд хæстыл дæр æрзилон.

– Хæсджынтæ бирæ, фидынмæ – цыбыркъух!

– Дæ сæр мæ бахъуыд ахсæв, æз де 'ххуысмæ фæзындтæн.

– Фыдæй фыртмæ... Кæрæдзийæ цы дарæм? Хъырым æмæ йæ хуызæттæй цы зæгъай, уый не 'Скæнæг Хуыцаумæ дæр раст фæкæсдзæн, Дзæби.

– Ды амондмæ бæллыдтæ. Агуындæйы дæ сæнтты уæддæр арæвдыдтай. Æз та мæ риу топпы дзыхмæ дардтон. Хæлары ном, хæлары дзырд зынаргъ у.

– Фæлæ уæддæр ныр хуыссы хæххон дзиглойы хъæбысы. Хъырымы сæгдзыд къуымæй сызгъæринау æрттивы. Мæстæймарæгау не 'нцайы йæ худын. Мæ сæр кæдæм фесафон, уый нæ зонын. Æхсæв – фыдфынтæ, бонæй дæр къух ницæмæ тасы. Мæ амонд мæ фындзы бын, фæлæ мæм уæлæ уыцы мæйау дард у.

– Сæнттæ сты уыдон. Чысыл фæхæц дæхиуыл. Æнамонд нæ дæ. Скъæфджытæ не 'сбæрæг сты, уый йедтæмæ Сыбыры мемæ баргъæвстаис дзылыйау. Фæлæ... Дæ мастæн иу хос ис. Дæ къахы фындзæй та йæ ма скъуыр.

– Цæттæ дæн æз, Дзæби. Ард дын хæрын. Зоныс мын мæ хъару.

***

– Фæдис! Фæдис! Фæдис!

– Сæрсæфæн былмæ фескъæрдæуы фос!..

Цæфхæдтæ цæхæртæ акалынц. Æдзæфхад бæхтæ фæстæгтыл æрбадынц, стæй та уаритау фæцагайынц комы нарджыты. Фосы æмбу, адæмы хъæлæба топпы гæрæхтæй скуынæг. Къæрныхты фæдтæ дон фæласта. Уæлахиздзаутæ нал федтой сæ фынтæ. Хъæу боны рухсмæ карз тæрхоны бацыд. Фæлæ æвдисæн иунæг мæй уыд, æмæ баруад. Æбуалгъ мийæ ныффæлурс, фыræфсæрмæй ныттылд фæсхохмæ.

***

Мæйы фæстæ æрыздæхти сæ хъæумæ Хъахырман. Йæ зæронд мад ыл хъарджытæ фæкодта. Æфсатийæн-иу алывыд фæкалдта. Æмæ йæм уæд æрыхъуыстой хъæубæстæ. Æнæфенд ми! Цæмæн фæхæрам зæронд цуанæтты бардуагмæ?

– Мæ хъæбулы сызгъæрин базыр басыгъд! Йæ хæтæнты нæма æрзылд лæгау. Ныр хъазты кæрон нал æрлæудзæн мæ усгур. Мæ тæригъæд фæхæссæд не 'Скæнæг Хуыцау. Цы йын ракодтон? Нывондæн ын мæ урс сæр куы 'рхастон!..

– Дæ райсом хорз, мæ сыхаг. Фыдбылызæй дæ бахизæд Хуыцау.

– Хуыцауы уазæг у, Хъырым. Фыдбылыз та... Æгæр æнувыд мыл сси. Мæ фæдыл зилы. Мæ уæлсынт ма кæд æрæвæрид йæ гæрзтæ... Хабæрттæй дæ фæрсын ма бахъæуæд.

– Хабæрттæ бирæ. Кæм чындзхаст, кæм та фæдис...

– Дзырдта мын сæ Гыцци, – йæ цæстытыл ныххæцыд.

– Бирæгъ, дам, йæ кæнон нæ уадзы. Æмбисæхсæв нæм æрбалæбурдтой. Сæ къухы ницы бафтыд. Фæдисмæ-иу гæппæввонгæй бадт хохаг лæг. Ныр та уæлдайдæр. Æнæхъæн хъæубæстæн иу сæ цард, сæ ис. Æмуæхск, æмзондæй архайынц æдзухдæр. Тæнæгсæртæн уый бамбарын афон бæргæ у.

– Сæ рондз фæкалæнт, уастæн, – зæронд ус сын сæ цуры фынг æрæвæрдта. – Фæйнæ сыкъайы аназут, мæ хуртæ. Хуыцауæн балæгъстæ кæнут. Сæрæгас нæ уадзæд!

– Табу йæхицæн. Адæм ссардтой амонд æмæ йыл фыдгулы чъизи къухты фæд куыд никуы анидзæва, уыцы хорз нын раттæд!

– Дæ сидт рæстмæ фæуæд. Æз дæр уæлдай нæ зæгъын. – Лæг нынхъырдтæ, риу мæстæй адымст, зæрдæ тоны. – Цывзыджын у дæ арахъхъ, – дзуры мадмæ.

Зæронд хъусæй уыйас рæвдз нал у, æвæццæгæн, стæй искæй ныхæстæм хъусаг дæр никуы уыд. Фæлтау йæхи дзæкъул æрцæгъддзæн, зæрдæхсайынæн дзы иу хабар дæр нæ фæуадздзæн.

– Сæрæнгуырдтæй нæ хъæу куынæг нæ кæны. Кæмæ баулæфай, йæ уд дын ратдзæн. Фæдисы та Хъырым уыди сæрхъуызой. Сывæллæттæ ма ныр дæр «фæдисæй» хъазынц. Сæ иу Хъырым, сæ иннæ та – абырæг. Фыдгæнæджы туг фæндагыл ныххъæбæр. Хъырымы фатæй аирвæзæн нæй.

– Æгæр мæ стауыс. Иннæтæй дæр ничи фæивгъуыдтаид. Бæркадджын ут...

– Схорз кæн фынг, Гыцци, – уæзбынæй загъта фырт.

«Дæлæмæ 'рхауæд мæ амонд! Цæй лæг дæн æз! Ауон, ауон... Скæсы хур, æмæ æз дæр уæд райгуырын, йæ цæст фæтар – мæн астæрынц йæ тынтæ. Мæ цин, мæ цæст Агуындæйы рæсугъд уыд. Æхсæвæй – бонæй мулкыл мæхи мардтон, цæмæй йæ цард мæ фæрныг хæдзары æнцонæй арвита. Уый равзæрста Хъырымы. Лæгау фæцыдтæн мастисæг. Сæрдары цыт æз хъуамæ былæй фехстаин. Æмæ уæд, чи зоны, Агуындæ мæ къæсæрыл мыды къусæй сахуыстаид. Фæлæ та мын мæ туджы пырхæнтæй йæхицæн кад æмæ ном скодта... О, Стыр Хуыцау! Дæ хорзæх иуæн радтай, уымæн йæ алы къахдзæф дæр нывджын æмæ арфæйаг у. Мæнып та алкæд комдзог цæуыс. Зæрдæнизæн ма мын мæ туджджынимæ иу сыкъа дарыс. Хæрам мын фæуæд, кæд мæм хъæру æмæ ныфс нæ разына, уæд. Хъырымы уд йæ хъуырæй хъуамæ сласон æз... Уæд сулæфдзынæн, уæд дæумæ дæр Хадзыбечыры иунæг фырт скувдзæн!»

– Дæ къах куыд у?

– Мæ фадхъул ныппырх.

– Хохдзу лæг дæ, дæ риуы æмбæрц цæуыс.

– Цуанон лæджы амонд карды комыл бады.

«Æнæууæнк каст нæ кæны. Гуырысхотæн цы 'мбары ацы сæтой гоби. Фæлæ уæддæр хуыздæр уыдзæн фæлывд дзырд. Дызæрдыг хъуамæ мачи уа мæныл».

– Кæсæджы мын кæнгæ æфсымæр цæры. Уæздан мыггаг, зындгонд адæм. Æмбисондæн куы баззади сæ ном. Æгъдауæй сыл нæма фæтых ис лæг. Мæн дæр фырбуцæй риуыгънæгæн дардтой. Æрвылбон – кусарт, хъазт, кæнæ та балц. Фæцыдтæн цуаны иу бон. Мемæ ме 'рдхорд. Дзæбидырдзуан... Дзæнæтæй та цы кæныс? Уæлхох фæзтæ, цъæх гауызтæ, цъæх цъити. Æвдадзы хос – зæронд лæг фестдзæн усгур. Кæрæф у адæймаг. Æгъгъæд нын иу сырд нал уыд. Бырыдтæн тигътыл, хохы цъупмæ схызтæн. Æнæхъæн рæгъау айнæгыл лæууыд. Тæф æмбарынмæ уыдонæн æмбал кæм ис? Ме 'намондæн, Галæгон сырдты 'рдæм дымдта. Фæтъæбæртт ластой, нæмыг дæр сæ нал байæфта. Стæй дурты зæй ракалд. Мæхи бæргæ бафæсвæд кодтон, фæлæ мын иу цыргъ къæйдур ацы бæллæх сарæзта. Мæ туг фæцыд. Æрхастой мæ сæхимæ мæ фысымтæ. Мæйы бæрц сæм фæхуыссыдтæн. Сæ кадджындæр молло уыд мæ хосгæнæг. Сырды сой, цыдæр кæрдæджытæй байгас сты мæ хъæдгæмттæ. Фæлæ къах зылынæй баззад. – Хъахырман æнæбары бахудт. – Куыдз къуылыхæй нæ мæлы, фæзæгъынц. Æз дæр нæ бакуымдтон мæлын... Кæд колхозæн сахъат лæг дæр сбæззид.

– Цæмæн зæгъыс афтæ. Гыццийы фæндиаг у. Æдзух хæдзары ма бад, адæммæ дæр акæс, дæхи-иу аирхæфс æмæ дæ рыст ссæуа. Лæг химæ хъусынæй æмпылгæ кæны.

Хъахырман бадт гуыбырæй, йæхинымæр дзырдта: «Куы акуыйты уаис, мæ хæрзгæнæг, мæ бон дæм нал у хъусын, дæ алы ныхас дæр мын нæмыгдзæфау мæ зæрдæ скæрды. Калм, дам, битъынайæ тарст æма йæ хуынчъы был æрзади. Мæнæн дæр Стыр Хуыцау мæ тудджыны хуыздæр сыхагæн радта.

– Кæнæ та немæ цом. Нæ хостæ ссивæм райсом. Колхозон зиу нæма федтай ырма.

– Цæуын, цæуын! Æнæмæнг... Райсом раджы... – мæрдон æнгæс бадт Хъахырманы цæстыты, æнæдаст рустæ кæрæдзийыл æндзæвынц.

«Сæнттæ цæгъды мæ хорз сыхаг, æнхъæлдæн. Цуанон лæг!

***фæдздзорунцæ: ай хъæбæр фæндуй, цæмæй ин æ цъух сугъзæрийнæй исæхгæнонцæ. Мадта уæхæн дзоргутæ дæр фæууй: айæ цъамар зундбæл хуæст æй æма кенæ æ маст есуй, кенæ ба соцъайæй мæлуй æма уомæн æзмæнтуй. Фæууй уæхæн дзоргутæ дæр: аци æзмæнтæгæн цæмæй æ ном райгъуса, уой туххæй нæ лæууй еу рауæн...»***

Сычъийы къах дæр никуы уыд йæ уæларт. Кæд искæй хуынæй фæхъæстæ, уæд Хуыцаумæ кувæд. Цуанонау гæдывад. Йæ хъама къулыл нæма сауыгъта.

Ныхасы бадын бирæ уарзы. Йæ цæвæг æртæхы уымæлæй куы схус, уæдæй нырмæ фæфæлдæхт цард. Хуым рувынмæ æхсæвæддæ нæ комы. Галты цæдæй йе 'сæфт федта лæг... Æхсæвæддæ... Æмæ хæдзары та кæд вæййы?

– Хъырым йæ къæсæрыл æрлæууыд. – Æнæрхъуыды стæм нырма.

Хъахырманы дæлгоммæ митæ мæстаг уыдзысты, уый зонын. Хъæуккæгтæй нæу. Фæдисы бон йæхи нæ равдисдзæн, кæмдæр нымбæхсы. Æнæныфс уа? Нæ лæппуты сæрæндæр... Агуындæйы куы аскъæфтой, уæддæр кæдæмдæр балцы араст... Æмдзуарджынæй мын бавæрдта зæрдæ, йæхæдæг чындзæхсæвы бон ахауди уæлгоммæ, мæ синты, дам, ныббадт æндыснæг. Нæ фос нын аскъæрдтой къæрныхтæ, æмæ та балцы разынди Хъахырман... Уый диссаг нæу? Фæлæ дис дæр цæмæн кæнын? Раст уыцы изæр сæ уæлхæдзарæй махмæ йæ ауон калмау куы бырыди. Йæ фарсмæ иннæ ауон уæд аскъæрдта йæхи. Нæ мæм æрцыди уæд гуырысхо. Фæзынди уазæг, гъе бæлццон лæг… Æгасцуай йын фысым загъта... Мæн та мæ амонды тæмæнтæ сæхимæ сайдтой – ферох ауон. Æмбисæхсæв рæвдыдхъуагæй фæдисонтимæ тахтæн, дымгæ фæхаста Агуындæйы фæлмæн ныхас, йæ хъарм узæлд. Цыма мыггагмæ баззадтæн идæдзæй, цыма мын райстой мæ арты сæрæй рæхыс, раст афтæ рафыхт риуы маст æмæ йын нæ уыди уромæн. Мæйдар абырæгæн – цæдисон, йæ дæларм бамбæхст æмæ фервæзт. Къæйдурыл бахус туджы пырхæн, æма абон дæр туджы æгъдау ничи домы. Ау, Хъахырман?.. Кæй бауырндзæн, кæмæ разындзæн ахæм ныфс? Æвдисæн нæй, зæрдæ йæ æмбары æрмæст. Зæрдæ... зæрдæ... Æууæнкджын у, стæй бараг, фæлæ æрдынау тохмондаг. Кæннод дæм сау лæг чъизи къухæй æвналдзæн; фæкъуырма дæ, уæд та дæм хъама сласдзæн».

Стылди мæй хæххон хъæуæн йæ сæрмæ. Хъахырманы къæс мæйдары æрныгъуылд. Йæ ауон та æрбабыры Хъырыммæ...

Фæсвæды æмбийы иу рох хæдзар. Хæдзар… Цалх æм рагæй нал тулы. Зымæджы йын йæ тыргъты миттæ ничи расæрфы. Сæрды тæрккъæвдатæ цары сæ, цыхцырджытæй хуынчъытæ ныууагътой. Кæрты ставдзæнг тæфгæнаг бæрæзе æмæ пысыра кæрæдзийыл сыздыхтысты. Цæвæджы ком фæчъил уыдзæн, исчи йæ, миййаг, дард куы фæхæсса, уæд. Арвдзæфæй хæдзары тигъ басыгъд, фæлæ уæддæр кæйдæр хъысмæтæн цыртау æгомыгæй лæууы. Дуар зыхъхъырæй баззад æмæ дымгæбон йæ хъыррист, зианджыны маройау, сиу вæййы æххормаг мыстыты цъыс-цъысимæ. Пецы кæлдтытæ æмæ фæздæгдзыд къултыл сусæны уымæл хъуынайы хæрв баппæрстæуыд, тъæнджы мæйы та сыл тæнæг чырс сбады. Куыдзы рæйд æмæ гæдыйы уаст ардæм сыхæгтæй фæхъуысынц. Фæскъул хуымы гæппæл згъæлæццаг дурты бын фæци. Зæрæстон зæххы гутоны цыргъ æнцонтæй нал афæлдахдзæн.

Хæдзар... Йæ ном йæ уæлæ. Адæймаджы удæнцой у. Саргъ дæр дугъонил фидауы, хъама – тохы сгуыхт бæгъатырыл. Амæн та йæ саст фæрсæгтæ, марды æхгæд цæстытау, æдзард æмæ æнæскаст сты. Зианы æфснайгæйæ ма фæстаг хатт ацы кæртмæ хъæубæстæ æрбавæрдтой сæ къах. Уый фæстæ сæ артдзæсты нал ферттывта зынг. Къахвæдты та уарындон коммæ фæласта. Хъахырман мады хистæн аргæвста йæ иунæг хъуг. Фысты къорд æмæ дыгæрдыджы аскъæрдта йæ разæй хъæдмæ. Уым уæлхох фæзы æрынцад, æмæ уæд сулæфыд æнцонæй. Колхозы мыды чыргъæдтæ йæ бар, адæм дард, цæрдзæн йæхицæн. Кæд йæ маст искуы ссæуид. Доны знæт тæлфын, комы улæфт æмæ цъитийы æрттывдæй хистæртæ куы фæкæнынц сомы.

«Мыддар дæн æз. Адджын цард та Хъырымæн. Гæвзыккæй джиудта. Ныхасмæ дæр нæ уæндыд. Кæронæй-иу чындзау ныхъхъил. Цумайы лæппуйау згъордта, æрмæст æм хистæр бакæсæд. Кæмæн-иу кау быдта, кæмæн хæдзары тигътæ сæрста. Хуырх æфсæстæй искæйы хуымгæрон бæргæ ссардтаид йæ мæлæт. Фæлæ йæ хъул сах абадт. Цард доны къусæй уæлдай нæу. Зæй ракæлæгау сæмтъеры ис дуне. Хæлæф, хæлæф... Хицæн сирыл нал æрвæссы иу дæр. Æмæ дзы хорз хай ралухта мæ сыхаг. Дзырддзæугæ лæг, комы дæгъæл... Сæ дзыхтæ йæм хæдиуæй дарынц – сызгъæринтæ дзы схаудзæн!.. Æз та мæ зæнг мæ фæдыл ласын. Дæлдзæх фæуæд Дзæби дæр. Сыбыры къæйыл рафтауæд йæ уыргтæ. Æз уал иу лæгæй бацарæфтыд дæн. Æнæхæдзар, æвæгæсæг... Зæхх æмæ арвы æхсæн куырмæджы цу – дæ сомбон тар ингæнау талынг. Агуындæ уыд мæ зæды хай, æмæ кæйдæр тыргътæ мæрзы, кæйдæр хъæбулы авдæны рæвдауы. Мæ цæсты рухсмæ мæ цæсты фиутæ тайынц. Нæ уыньн хуры скаст, къуыттыйау нæу мæ бон сдзурын, мæ хъусты батъыстон къæрмæджытæ. Нæ, нæ... Фæлтау фæлидзон мæ артдзæстæй, мæ фыдæлты ингæнтæй. Сау хъæд, хохы цъупп – мæ цæрæн. Иунæгыл хуыздæр бон нæй!»

Лæппулæг зæрæдты фæзмыдта. Йæ саутæ нал систа Хъахырман. Хæмпæлзачъе, æнæдаст сæр, ныццыргъ йæ фындз, фæгуыбыр и. Къух сахуыр бындзыты рæхуыстыл, буар масты дзæкъулау ныддур. Нæдæр фæскъæвда ивта дарæс, нæдæр æнтæф бон иста худ. Хид цухъхъайыл цъæх фæдтæ уагъта, йæ тæф ын дымгæ дæр нæ хаста. Хъæддаг сырд!– дзуры йæм йæ зæрдæ. Æрмæст ма цæстытæ нæ сафынц сæ сонт каст, нæ ахуыссыд сæ зынг. Æфсис нæ зонынц – арвыл зилынц, къæдзæхты тигътæ æмæ лæсæнтæ, сызгъæрин доны ратас-батас, фæздæджы пырх хæдзары сæрмæ, цæвæджы схъиуд æмæ æрттывд, куыройы нук, фиййауы уадындз – цæст ахсы алцыдæр бæрзондæй. Зæрдæниз у, гæды дæр ма фиумæ афтæ фæкæсы, фæлæ та тъизгæ мыстагур ацæуы йæ къуыммæ.

Фæтасыд лæг, мæлдзыджы губакк лæдзæджы фындзæй барæй къахы. Кæд фервæзид йæ тыхст æмæ йæ зынтæй.

Дзæгъæлы архайы лæгдыхæй, хъæбысхæст æрдзимæ нæ тайы. Цæргæсы базырты уынæр йæ къæрцхъус ацахста æмæ фестад. Хæтæг дымгæ йын йæ зачъе дауы, бынæй та комы зары дон, мыдыбындз адджинаг æвзары, йæ дыв-дывæй кæрдæджы сайы.

«Бæстæ зард æмæ кæл-кæл у, дуне – цард æмæ æнцойад, фæлæ мæн рæвдауæг нæй. Ме 'намонд мæ сæрыл æртыхсти, сау хъысмæт мæ размæ бады. Нæй дзы фервæзæн æппын. Дугъы уай – дæ къæхтæ баст, лидз фæстæмæ – дурты цæнд. Ахæм царды бæсты коммæ фехс дæхи æмæ лыстæг рыг фестай... Гъеуæд нал фехъусдзынæ йæ худын ды Агуындæйы рæсугъдæн. Нал райсдзынæ дæ маст æмæ дзæнæты къæсæрæй аздæхдзынæ тар зындонмæ. Цæр фæлтау, мæнæй уый, багъæц!»

Хохвæндагыл къори тулы. Къудзийы рæбын амбæхсы, стæхы бæлæсты цъуппытæм, стæй та æрхы аныгуылы. Лæгъзы йæхи уырдыгмæ аскъæры. Дур дæр не 'взары, къуындзых дæр. Хæмпус æмæ рог у. Цыма цъитийæ иу кæрдих фесхъиудта, гъе та йæ ног цагъд æврæгътæй ратындæуыд. Чидæр æй йæ армы барæвдыдта, уый фæстæ йæ комы улæфтмæ бадардта. Дымгæ йæ аскъæфта æмæ уæдæй нырмæ тулы къори. Тулы, тулы... Миты хъæпæнау дымсы. Хурмæ дæр нæ тайы, цæст дæр æм нæ лæууы.

Хъахырман æм хæлиудзыхæй кæсы. Никуы федта ахæм диссаг. Дзуар нæ бафтыдта – Хуыцауыл нал æууæнды, арвы къуымты нæ агуры зæдтæ æмæ дауджыты – кæддæрау сыл йæхи нæ фæдзæхсы.

Къори æрбайсæфт – аныгæдта йæ уымæл æрх. Æвæццæгæн, йæхи цыргъ къæйыл скъуырдта æмæ ныммур, ныццæх ис.

Афтæ гъе, мæлæт уæлдай митæ нæ бары. Æрмæстдæр уымæн нæй тыхгæнæг!

Нæма фæци йæ хъуыдытæ быд Хъахырман, нæма фæхæст æндæр хъуыдыты цæгыл. Талынг уæрмау йæ дзых фæхæлиу, цæстытæ ныддзагъыр сты, улæфт ын нал фаг кодта. Нæй, нæ фæрæстмæ йæ тæрхон.

Къори райгас, къори тулы, къори разынди... фиййау! Фæзилæнæй заргæ рахызт, бады йе 'ккойы йæ уæрыкк. Зæгæлы сæры йас цæстытæ йын, къæбылайы фæлмæн мукъутæ æмæ лыстæг зыр-зыргæнаг хъæлæс. Алцыдæр æй дисы æфтауы, æвæццæгæн, æмæ кæйдæр зарæгмæ ныууасыд.

– Кæдæм хæссыс дæ нывонды? – рафыхти Хъахырманы маст.

– Кæдæм куы зæгъай, уæд хъæмæ!

– Æхсæны дзугмæ баскъæрдтай дæхи фос?

– Колхозон у мæ уæрыкк, ма тыхс. Хуыфæг ыл бахæцыд, мæгуырæг, æмæ йæм рентген акæса, кæннод, миййаг, кæйдæртау йæ хуылф куы бамбийа... Фæллойаг...

Къори тулы хохвæндагыл, хъæумæ, адæммæ тындзы. Маст Хъахырманæн ныууагъта, цинтæ зарæджы хæссы. Фæуæн ын нæй, кæрон ын нæй. Цæуы æмæ зары хъал фиййау.

– Комы дымæгмæ нымдзаст дæ... Дæ зæрдæ ахсайдта хъæмæ... Хъæдгæсы ныхасмæ нæ ракаст – рагæй зонынц кæрæдзийы хъавд æмæ гæды митæ нæ уарзынц. Æхсæвæддæйæ цæры ам. Йæ мусонг æрдузы ныссагъта. Ныккæрды хос йæхицæн дæр, уæймæ дæр. Картофы хуымæй райсы стыр æфтиаг. Сæрд сæрды дæргъы бинонты хæссы, фæззæг та йæ Мæздæгмæ ласы. Хохаг картоф мæнæуыл ивы. Йæ рæбынтæ ракæл-ракæл кæнынц, фæлæ йæ цæст ницæмæй æфсæды, æмæ йæ цæвæг сфæлахси, арм къæйдурау ныхъхъæбæр.

«Кæрæф, мæртдзæст... Йæ бар йæхи. Мæн уый æппындæр не 'ндавы. Æрмæст Хъырымæй хорз стъæлфы – йæ рохтæ йын æрбалвасы, æмæ йæ сæт кæлын байдайы, цыма йын сæрдар йæ былтæ згъæллæггæмттæй аскъуыны... Æмæ йæ сардау, йæ хъусы йын исты бацæгъд – дæхицæн уды бæстæ ссардтай, дæ фæдыл саугуырм лæгау згъордзæн, дæ фæнд æнцонæй къухы бафтдзæн».

– Чи у уый та? Хæрзгæнæг, æви хицон?

– Цъаммар фиййау... Йæ фаджысы тæф æрхаста... Къæбæры мурыл бахордта йæ цæсгом. Кæсыс! Тæхы æмæ згъоры, базыртæ йыл базад.

– Кæдæм тæхы? Цы ссардта уагæр?

– Хъырым йæ фыртыл ном æвæры...

– Æмæ фиййæуттæм фæдзырдта?

– Урс уæрыккæй хъуамæ скува хистæр...

«Мæнæн мæ быны арт æндзары, мæнæн мæ фæндæгтæ æрцахста.

Кæрдæджы хал уа, кæнæ картофы мур – мæ хъуырæй мын сæ сласы джиауыр. Мæ бинонты хурхыл мын бахæцдзæн, рæвдз æм куы нæ фæлæууон, уæд».

«Æнхъæлдæн ме 'нгуыр хуыдзыхыл фæхæст, – йæ цæст æрныкъуылдта Хъахырман. – Хъæдгæс ахсæв нал баззайдзæн ам. Ныхасы баддзæн, хабæрттæй фæрсдзæн... Стæй йæхи хабар дæр дзурдзæн. Къæхтæ æмæ ма йыл къухтæ бафтаудзæн, æмæ сæрдары ном фæчъизи: Хъырым кæддæры Хъырым нал у, йæ къухтыл нал хæцы фæстæмæ...»

– Хуынд уыдзыстæм, ныккæсæм хъæумæ.

– Дæ хал-иу схауæд. Мæн ныууадз.

Æнуд, æнтæф бон скодта. Цæсгом хус уæлдæфæй судзы. Дæ комыдæттæ аныхъуыр, фæлæ дын уый дæ дойны нæ асæтдзæн. Хъæу хастау бафынæй ис сихорафон. Куыдз не 'срæйдзæн æцæгæлонил, æвзагæппæрстæй искуы ауоны йæ тæнтæй сарæзта фæндыртæ. Карк кау рæбын уæлгоммæ ахауд, хæлиу дзыхæй йæ къæхтæ тилы. Фæныкхуыз сыфтæр нал фидауы къалиуыл – йæ дадзинты сой байсыст, æмæ нæ бариздзæн, нæ фестъæлфдзæн, тыбар-тыбур ыл не 'схæцдзæн.

***Уодзæнæй ма.***



***МÆРЗОЙТИ Сергей: «Адæми сагъæссаг фарстатæ æма сæ нæхъæртондзийнæдтæй хе еуварсмæ есун нæ, фал æ еугур гъуддæгути дæр æновудæй архайун, бæлвурд æма размæцуддæр граждайнаг лæууæни лæуун – е æй финсгутæй алке ахсгиагдæр ихæс. Гъæуама бæлвурдæй лæдæрæн, ци æма ке туххæй фæлдесæн, нæ дзурд адæймагон уодти ци хузи фæззиндзæнæй, уой... »***



МÆРЗОЙТИ Сергей æ цардæмбал Анетæ æма æ фурт Ацæмæзи хæццæ Пицунди уолæфгæй.



МÆРЗОЙТИ Сергей æ фурти фурт Хетæги хæццæ

# «ÆНГОМДЗИЙНАДИ НÆМУГ ТАУЕТÆ, ЦÆМÆЙ ФЕДАР ЗÆНГÆ ИСУАДЗА!..

НÆ НОМДЗУДДÆР лæгтæй еу, Мæрзойти Тимофейи фурт Сергей кæддæр æ радзубандий уотæ загъта: «Æнгомдзийнадæй хуæздæр неци ес, æма ин æ фарни муггаг ниггæлдзетæ мæрæмæ, федар зæнгæ тауæ куд исуадза!..» Æма æ еци фæдзæхст фиццаги-фиццагидæр æхуæдæг кæрæй-кæронмæ æнхæст кодта æ федауцæ цардиуагæй, æ рæстуод фæллойнæй, æ берæ арфиаг хъиамæттæй.

Мæрзойти Сергей райгурдæй 1927 анзи 10 апърели Хъарман-Синдзигъæуи зæнхкосæг бийнонти 'хсæн. 1944 анзи каст фæцæй Ирон педагогон училище, 1948 анзи Ирон паддзахадон педагогон институт, 1951 анзи – Цæгат Иристони наукон-æртасæн институти аспирантурæ. Уæдæй фæстæмæ, саунгæ пенсий рацæуни уæнгæ куста аллихузон бæрнон бунæтти: адтæй киунугути республикон рауагъдади аййевадон литературон хайади хестæр редактор, газет «Социалистическая Осетия»-йи редакций культури хайади сæргълæууæг, журнал «Мах дуг»-и сæйраг редактор, альманах «Советон Иристон»-и бæрнон секретарь, наукон-æртасæн институти хестæр наукон косæг. 1966-1970 æнзти Мæрзойти Сергей куста Цæгат Иристони финсгути Цæдеси правлений бæрнон секретарæй, 1970-1976 æнзти ба – финсгути Цæдеси сæрдарæй. Æ исфæлдистадон фæллойнæн ин бæрзонд аргъгонд æрцудæй – 1967 анзи æ киунугæ «Бон цæуы æмæ фарн хæссы»-йи туххæй ин лæвæрд æрцудæй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон преми.

Мæрзойти Сергейæн æ исфæлдистадон архайд райдæдта евгъуд æноси 50-аг æнзти. Куд критик æма литературæртасæг, уотæ æ искурдиадæ рабæрæг æй æ фиццаг монографион кусти – «Æвæрццæг хъайтари проблемæ Нигери поэзий» (1956 анз). Уой фæсте фæззиндтæнцæ æ иннæ æсгарæн куститæ нæ национ литератури ахсгиаг фарстати фæдбæл. Алцæмæй дæр æнхæст æма зæрдæмæдзæугæ рауадæнцæ æ уацтæ нæ финсгутæй цалдæрей цард æма исфæлдистади туххæй: Коцойти Арсени, Хъамбердиати Мисости, Гулути Андрейи, Мамсурати Дæбей, Епхити Тæтæрий, Цæгæрати Максими æма иннети туххæй.

Æ еци куститæ агъазиаубæл нимад кæд æнцæ, уæддæр Мæрзойти Сергейи исфæлдистади сæйрагдæр бунат ахæссуй æ аййевадон прозæ – радзурдтæ, уацаутæ æма романтæ. Æ фиццаг радзурдтæ мухури фæззиндтæнцæ 1958 анзи, 1962 анзи ба рацудæнцæ хецæн киунугæй – «Мæ сæфт хуры хай».

Фæстæдæр кæрæдзей фæсте хецæн киунугутæй рохс фæуууидтонцæ æ зингæ уадзимистæ. Роман «Дзæбуг æма хъæсдарæг»-и дзубанди цæуй, мæгур адæми амондбæл æма хуздæр царди рохсмæ тундзунбæл ка тухсуй, еци æригон искурдиадæгин хуæнхаги туххæй.

Роман «Къæхтысæр»-и æвдист æрцудæнцæ Гизæлдони ГЭС аразгути сорæттæ. Электростанцæ арæзт æрцудæй Уæрæсей электрификаций фæдбæл Ленини пъланмæ гæсгæ.

Мæрзойти Сергейи уадзимистæй беретæ тæлмацгонд æрцудæнцæ уруссаг, гурдзиаг, чувашаг, кæсгон, Уæрæсей æма раздæри Советон Цæдеси æндæр адæмихæттити æвзæгтæмæ, уæдта болгайраг, словакаг, польшаг, немуцаг, англисаг, испайнаг æвзæгтæмæ.

Куд искурдиадæгин финсæг æма курухон хестæр, уотæ Мæрзойти Сергей цæстуарзонæй ауодудта фæсевæдбæл, нæ национ литератури æдзæстхезæй архайæг æригон фæлтæртæбæл. Зæрдиагæй син агъаз кодта, рæстудæй бæлдтæй, цæмæй еци зæрдæфтауæн талатæй уиндгун рæзæбæлæстæ рауадайдæ.

... Мæрзойти Сергей раги кæддæр е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ финста:

*Кæд Къоста – нæ номхæссæг,*
*нæ зарæг,*
*Кæд Чермен – нæ фыдæлты*
*хъæсдарæг,*
*Кæд Иссæ – нæ балхонæг, нæ*
*барæг,*
*Кæд Бало – рæсугъддзийнады*
*бардуаг...*

Аци æмдзæвгæ хумæтæги нæ æримистан – абони ин æхе дæр баргинæй нимайæн, нæ дзиллæ сæрустур кæмæй æнцæ æма æности дæр сæрбæрзонд кæмæй уодзæнæнцæ, еци кадгин адæймæгути æмрæнгъæ. Кæд абони, гъулæггагæн, цардæгас нæбал æй, уæддæр æ берæ арфиаг фæллæнттæ ни иронх нæ 'нцæ, нæ зæрдити цæруй æ искурдиадæгин уадзимистæй...

Цæйбæрцæбæл цитгийнаг æй Мæрзойти Сергей нæ адæмæн, е ба бæлвурд æй, нæ иннæ номдзуд адæймæгутæ уой туххæй ци гъудитæ загътонцæ, уомæй дæр.



**БОГАЗТИ Умар:**

«Мæрзойти Сергейи исфæлдистадæбæл дзоргæй, нæ бон зæгъун æй, зæгъгæ, æ сæйраг темæ æй абони цард, æ сæйраг архайæг – не 'мдогон. Рæстæги комуолæфтæй исдомбай æй æ искурдиадæ. Финсæги бæгъатæртæ æнцæ, адæми 'хсæнæй ка рацудæй æма сæ хуарз менеугутæй хайгин ка 'й, уæхæнттæ. Аци фарстабæл дзоргæй, ке зæгъун æй гъæуй, æнæмæнгæ цæстæ радарун гъæуй нæ адæми хъисмæтбæл, нæ бæсти ирæзти надбæл. Уой туххæй ба хуарз æма лæмбунæг зонун гъæуй евгъуд цард, уомæн æ алли къæпхæн æма фæззелæн дæр. Сергей историон темæмæ ке бавналдта, е æй, ка гъæуй, уæхæн гъуддаг. Абони темæ сæйраг æй. Фал ма мах æнæмæнгæ гъæуй уадзимистæ евгъуд царди туххæй дæр. Зæгъæн, Мæрзойти Сергейæн æ роман «Дзæбуг æмæ хъæсдарæг» кæд евгъуд царди туххæй финст æй, уæддæр ин æ медесмæ гæсгæ ес нуриккон ахедундзийнадæ.

Бæгъатæр æма рæстæг – е æй Сергейи исфæлдистади сæйраг темæ, æ медес. Æ фæнзуйнаг бæгъатæртæ, ке зæгъун æй гъæуй, еугурæйдæр æнцæ активон, уомæн æма сæ финсæг алкæддæр æвдесуй æцæг царди, хайгин æнцæ цардæгас адæймæгути менеугутæй. Сæ еугур дæр æвдист цæунцæ фæллойни медæгæ...

...Хуарз цард æма æнцойнæдзийнæдти алкедæр бафæраздзæнæй. Уоми дессагæй неци ес. Фал гъæуама багъæуаги сахатти, цийфæнди зин уавæри ку бахауай, уæддæр æхсардзийнадæ равдесай. Уæхæн рауæн исбæрæг унцæ бæгъатæри менеугутæ. Æма уæхæн уавæрти æвдесуй Мæрзойти Сергей дæр æ хъайтарти».



**ХÆДАРЦАТИ Азæ:**

«Мæрзойти Сергей æ царди æмбес равардта аййевадон исфæлдистадæн. Райдайæни финста радзурдтæ æма уацаутæ, фал аци литературон формити арæнтæй рахизтæнцæ æ арф гъуди, æ аййев искурдиадæ. Етæ сæхе иссирдтонцæ романи эпикон итигъдади.

Сергей фæд-фæди ниффинста дууæ романи: «Дзæбуг æмæ хъæсдарæг» æма «Къæхтысæр». Кæд сæ финсæг кæрæдзебæл нæ бæттуй, уæддæр цума федар баст æнцæ, уотæ нæмæ кæсуй.

Фиццаг романи хъайтартæ æрцудæнцæ революцион тохмæ сæ уæззау цардбæл сагъæс кæнгæй, сæ развæндаг агоргæй. Æхсарæ æ фиди фæндæмæ гæсгæ бацудæй ахурмæ сæ гъæуи курдон Тохтиймæ æма райста косæги фиццаг фæлтæрддзийнадæ.

Дзæбокæ æма хъæсдаргъ, хъисмæт æма лæгигъæдæ... Дувудон арти содзуй адæймаг. Гъæуама дзæбокæ æма хъæсдаргъи 'хсæн бахседа, гъæбесæй хуæцун фæраза æ хъисмæти хæццæ. Е нæййес, уæд – æфхуæрд, дæлбарæ, кæуйнаг. «Хуцауæн ковæ, уой нин нæ фидтæлтæ ниууагътонцæ, фал хуæнхаг лæг хъæбæрдæр æхецæй хæссуй æ нифс», – уотæ ахур кæнуй Тохти Æхсари.

...Æхсарæн ес прототип – Баймæтати Циппу. Уой туххæй автор æргомæй финсуй романæн æ фæсдзурди.

...Революций темæ еу æма дууæ уадзимисеми не 'ссирдта бунат, фал Сергейи роман «Дзæбуг æмæ хъæсдарæг»-и революций темæ байеу æй рохси теми хæццæ æма уомæй исхизтæй нæуæг къæпхæнмæ.

Уæхæн хъайтартæн нæ адтæй ниууадзæн æрдæгнадбæл, гъома, æ бæллец ку нæма исæнхæст æй, еци рауæн, æма 1981 анзи рацудæй Мæрзойти Сергейи дуккаг роман «Къæхтысæр». Ниффинста æй 1978 анзи. Автор æй нæ хонуй æ фиццаг романи идарддæри хай, фал гъуддаг æхуæдæг æхе æвдесуй: уинæн рæстæги идарддæри нивæнст, сæйраг хъайтари историон хъисмæт. Æрмæст нур æ ном Æхсарæ нæбал æй. Райста е 'цæг ном – Баймæтати Циппу.

...Фиццаг ракъахдзæфæй Циппуй сорæт æй хъæбæр зæрдесгæ. Е кæддæриддæр адæми дзæбæхдзийнадæбæл архайуй, гъæуи, æ коми, алкæд адæми фарнæбæл гъуди кæнуй...



**ДЗАБОЛАТИ Хазби:**

«...Æцæг финсæг кæддæриддæр лæдæруй, адæм кæд алли дæсниæдтæбæл хуæст æнцæ, уæддæр еу гъуддаг ке кæнунцæ æма ин еугуремæй хъазардæр фæууй, адæймаг уоми ци бунат ахæсса, еунæг е нæ, фал гъуддагмæ ци цæстæй кæсуй, ци зундирахаст æма имæ ци зæрдиуагæ ес, уой дæр.

Еци менеуæг ирдæй зиннуй Мæрзойти Сергейи нæуæг киунугæбæл дæр. (Дзубандий цæуй, «Ирон хæсмæ тындзæн нæй», зæгъгæ, еци киунугæбæл. – Ред.)

Адæймаг, уомæн æ цард æма æ хъисмæт, æ амондбæл тох, етæ æнцæ киунуги сæйрагдæр дзубандиаг».



**ХЪОДЗАТИ Æхсар:**

«...Мæрзойти Сергей хуарз арæхсуй æ хъайтарти меддуйне, сæ гъудитæ æма психологий фæззелæнтæ æвдесунмæ. Еци менеуæг ирдæй зиннуй æ радзурдти, уæдта æ уацауи. Æ уадзимистæ еугурæйдæр арæзт æнцæ хумæтæг сюжеттæбæл... Сергей æ архайгути кæддæриддæр нивæ кæнуй тæссаг сахатти, царди ести гъуддæгутæ лухгонд ку фæццæунцæ, уæд. Æма алкæддæр фæууæлахез унцæ хæлардзийнадæ, æнæхийнæ уодтæ...

Мæрзойти Сергейи киунугæ «Ирон хæсмæ тындзæн нæй» æй нæ нуриккон прози хуарз æнтæстдзийнадæ, æ арф гъудитæ, æ рæсугъд æнкъарæнтæ æма поэтикон аййевдзийнадæй æлхæнуй киунугæкæсæги зæрдæ».



**МАЛИТИ Васо:**

«...Мæрзойти Сергейи роман «Дзæбуг æмæ хъæсдарæг»-и цаутæ хаунцæ евгъуд æноси кæрони æма мах æноси фиццаг цуппæрæймаг хаймæ. Уадзимиси архайгути цард æнгон баст æй политикон æма социалон-историон цаути хæццæ: къласон тохи хæццæ. Е фадуат дæттуй нæуæгдзийнадæ æма фуддзийнадæн се 'хсæн ци тох адтæй, уой равдесунæн, рохс кæнуй, киунуги бæгъатæртæ революцимæ ци зин нæдтæ лæгарстонцæ, уони.

Тохти Æхсарæ уæд Донбасси, уæд Цæгат Кавказил æма Фæскавказил балæууй. Е дзæгъæли-хумæтæги рацо-бацо нæй, фал агоруй рæстдзийнадæ æма амонд, æ фарни хай. Æма æй иссирдта социалон цаути, большевикти рæстдзийнади. Уоми ин байагъаз кодтонцæ Громов, Туманян æма æндæр большевиктæ. Тохти Æхсарæ бахаудтæй царди зелдохæнти æма иссирдта заводти, арæзтæдти, райгурæн хуæнхти косæг адæми 'хсæн æцæг æмбæлттæ».

**Цæгат Иристони адæмон финсæг, зундгонд паддзахадон архайæг Æгъузарти Тæтæрхъани фурт Æхсарбеги райгурдбæл 21 апърели æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1922-1994).**

*Зундгонд америкаг æхсæнадон архайæг Мартин Лютер КИНГ (1929-1968) «Дуйней бæлæхтæн сæ устурдæр æй тугъд. Е æверхъау гъезæмæрттæ бавзарун кæнуй адæмæн: фехалуй дин, паддзахæдтæ, бийнонти цард... Цийфæнди æрдзон фидбилизтæй дæр е æбуалгъдæр æй...»*





# ЕЦИ ÆВЕРХЪАУДЗИЙНАДÆН ФЕРОНХГÆНÆН НÆЙЙЕС!..

АЛЛИ АНЗ дæр 11 апърели бæрæггонд цæуй фашистон концлагерти уацайрæгти исугъæдæ кæнуни Æхсæнадæмон бон. Уæхæн бон къæлиндари фæззиндтæй Еугонд Нацити Организаций хъæппæресæй. Еци бон хумæтæги нæ равзурстонцæ. 1945 анзи 11 апърели Бухенвальди æнæхайири концлагери уацайрæгтæ исаразтонцæ æд тохæнгæрзтæ растадæ. Етæ зудтонцæ, фашисттæ тагъд састи бунати ке байайдзæнæнцæ, Советон Æфсад ке фæууæлахез уодзæнæй, уой туххæй.

Фиццаг концлагерь фæззиндтæй 1933 анзи Дахауи (Германи), гитлерон фашистти хецаудзийнадæ ку æрфедар æй, уæд. Дуккаг дуйнеуон тугъди рæстæг нацисттæн Германий территорибæл æма сæ фарс ци паддзахæдтæ адтæнцæ, уæдта ке байахæста, еци территоритæбæл, ахæстдæнтæ, геттотæ æма æндæртæ нæ нимайгæй, адтæнцæ 14 мин концентрацион лагери.

Дуккаг дуйнеуон тугъди райдайæнмæ Германий концлагерти адтæй 300 мин немуцаг, австриаг æма чехаг антифашистти. Фæстæдæр гитлерон Германи, ци европаг бæститы территоритæмæ бакодта е 'фсад, уонæми исаразта концлагерти устур хизæ.

Еци концлагертæ иссæнцæ миллионгай адæймæгути марæн бунæттæ, фиццагидæр ба славянаг адæмти, дзиуиттæгти, цигайнæгти æма æндæр адæмихæттити муггаг исафæн бунæттæ. Ахæст адæми уодтæ ластонцæ фургустæй. Концлагертæ ефтонггонд цудæнцæ уодмарæнтæй, гази камеритæй æма адæми берæгæйттæй цæгъдуни æндæр мадзæлттæй, сæрмагонд пецтæй – крематоритæй.

Нацистон концлагерти устурдæртæй еу адтæй Бухенвальд. Е фæззиндтæй сахар Веймармæ (Германи) хæстæг рауæни 1937 анзи 19 июли. 1945 анзмæ уомæн адтæй 66 филиали æма æндагон косæг команди. 8 анземæ Бухенвальди уацари адтæй 239 мин адæймаги. Раздæр етæ адтæнцæ немуцаг политикон архайгутæ, «политфудгинтæ», фæстæдæр ба, Дуккаг дуйнеуон тугъди æнзти, – берæ æндæр нацити минæвæрттæ.

Бухенвальди искунæг кодтонцæ 18 нацийæй 56 мин адæймагемæй фулдæр, уонæй 19 мини адтæнцæ советон уацайрæгтæ.

Уæлдай фулдæр фæммардæй ахæст адæмæй Бухенвальди филиал «Дора»-йи. Уоми зæнхи буни ци бæстихæйттæ адтæй, уоми аразтонцæ хуæдтæхæгнæмгутæ «Фау». Гитлеронти гъудимæ гæсгæ, дæлзæнхон завод аразунбæл, уæдта бабæй æ цехти ка куста, еци ахæст адæмæй еунæг дæр гъæуама уодæгасæй ма рацудайдæ уæлзæнхæмæ. Етæ сæ еугур дæр нимад цудæнцæ паддзахадон сосæгдзийнадтæ зонæг адæймæгутæбæл æма ахæст цудæнцæ СС-и империон æдасдзийнади сæйраг управлений сæрмагонд номхигъдтæмæ. Завод арæзт ку 'рцудæй, уæд искустонцæ дууæ конвейери: еу ци ракетитæ лæвардта, иннæ ба алли бон дæр цалдæр уæзласæн хуæдтолгей дзаг мæрдтæ æрвиста уæлзæнхæмæ. Машинттæ мæрдти ластонцæ Бухенвальдмæ, уоми сæ сугътонцæ крематорити.

Раздæри эсэсовонтæ куд дзурдтонцæ, уотемæй лагери адæймаг анзæй минкъийдæр цардæй, уайтæккæ еци æмбесондæн дзоруйнаг лæгъуз уавæрти рамæлидæ, нацисттæн кæдзос æфтуйæггаг 1500 рейхсмарки æрхæсгæй.

Концлагерь «Дора»-й дæр фæммардæй дæсгай мин адæймæгутæ. Уоми ци «Фау» ракетитæ æмбурд кодтонцæ, уонæй алкæцидæр адтæй тæккæ минкъийдæр 20 адæймагей царди аргъ. 1945 анзи 4 апърели цæдесонти æфсæдтæ Нордхаузенмæ ку 'рбахæстæг æнцæ, уæд гъæуайгæнгутæ ниууагътонцæ «Дора», уомæй размæ 30 мин уацайраги ниццæгъдгæй. 1945 анзи 11 апърели Бухенвальди «цæргутæ», нацистти кæрон æрхъæртун балæдæргæй, растадæнцæ, байстонцæ 200 гъæуайгæнæгей тохæнгæрзтæ æма син сæхе райстонцæ уацари. Еци раистади фæрци ахæст адæм мæлæтæй фæййервазтæнцæ, гитлерон хецаудзийнадæ уомæй размæ равардта бардзурд лагери ахæст адæми искунæг кæнуни фæдбæл.

Бухенвальд, Дора, Лаура æма Ордруфæй уæлдай ма Германий зæнхæбæл адтæй æндæр концлагертæ дæр: Освенцим, Майданек, Маутхаузен, Штутгоф, Заксенхаузен, Треблинка. Европи бæстити 18 миллион цæрæги адтæй еци æма æндæр аллихузон нисанеуæги лагерти. Уонæй нацисттæ искунæг кодтонцæ 11 миллиони.

Германий концлагерти системæ фехалдæй гитлеризми ниппурхæ кæнуни фæсте, Нюрнберги Дуйнеуон æфсæддон трибунал ин 1946 анзи рахаста тæрхон, куд адæймагади нихмæ фудракæндæн, уотæ.

Интернети абони ци нимæдзтæ ес, уонæмæ гæсгæ советон адæмæй концлагерти адтæй 5 миллиони. Уонæй 500 мини – сувæллæнттæ.

Советон Цæдеси граждæнтæй нацистон концлагерти ка адтæй, уонæмæ сæ Райгурæн бæсти æнгъæлмæ кастæй нæуæг тæссаг фæлварæнтæ. Сæ фулдæр бахаудтæнцæ НКВД-й фильтрацион лагертæмæ. Уони банимадтонцæ, «гадзирахаттæй цæугутæбæл», знаги фарсхуæцгутæбæл, советон адæми, æхсæнади æууæнки аккаг ка нæй, уæхæнттæбæл.

Нæ син адтæй уæлдæр скъолатæмæ, æфсæддон училищетæмæ бацæуни барæ. Лагерти ка адтæй, еци сувæллæнттæй дууæ проценти дæр нæ райстонцæ уæлдæр скъолати дипломтæ. Берæ æнзти дæргъи цудæнцæ евгъуд царди «гадзирахаттæй цæуæги» ходуйнаггæнæг гакки хæццæ.

Сæ фулдæр нæбал фæццардæнцæ нæуæг цардарæзти догæмæ, нæбал исфагæ 'й физикон æма психикон æнæнездзийнадæ нацистон зиндонæбæл рацæуæг адæмæй беретæн.

Еске бафæрсдзæнæй: цума Иристони дæр цæруй, фашистон концлагерти ка адтæй, уæхæнттæ? Иристонæй дæр беретæ бавзурстонцæ концлагерти гъезæмæрттæ. Уонæй ка Устур Фидибæстон тугъди æнзти фронти уогæй, уацари бахаудтæй, ке ба фашисттæ тухæй фæлластонцæ Германимæ.

Ес си уæхæн дæр, тугъди райдайæни дзедзедай сувæллон ка адтæй. Сæ еугур дæр абони пайда кæнунцæ уæлбартæй (льготы). Æнагъонæй ка бахаудтæй фашистон концлагермæ, уомæн ес тугъди архайæги хæццæ æмхузон уæлбартæ, сахъат уацайрæгтæ ба пайда кæнунцæ тугъди инвалиди уæлбартæй дæр.

Фашистон концлагерти уацайрæгти исуæгъдæ кæнуни дуйнеуон бон еугур бæстити дæр исбæрæг кæнунцæ зæрдæбæлдарæн мадзæлттæй, раздæри уацайрæгти хæццæ фембæлдтитæ, лагери ка фæммардæй, уони рохс нæмттæ æримисунæй, кæми æвæрд æнцæ, еци рауæнтæ бæрæг кæнунæй.

**РЕДАКЦИЙÆЙ:** *Аци æрмæг ке мухур кæнæн, уомæ гæсгæ кадæртæ, ка 'й зонуй, уотæ дæр зæгъдзæнæнцæ, гъома, кæддæри зинæйдзаг гъуддæгутæ ма уойбæрцæбæл цæмæн имисæн. Æма уотæ ка 'нгъæлуй, етæ æгириддæр раст нæ уодзæнæнцæ.*

*Уомæн æма кæддæр еугур адæмихæттитæй дæр хъæбæр берæ дзиллæ кæми бастъалдæнцæ, еци æвæрхъаудзийнадтæн æгириддæр иронхгæнæн нæййес. Зæрдæбæл сæ дарун æма сæ имисун гъæуй, кенæ бабæй уæхæн фудгæнгутæ разиндзæнæй æма сæ сæ фур тогмондагæй аразун байдайдзæнæнцæ.*

*Уотæ ке рауайдзæнæй, уой ба уинæн, нуриккон Украини хецауеуæг кæнун куд байдæдтонцæ, фашистон концлагерти адæми æнæфæууинд фудмиутæй ка гъезæмарæ æма бунцагъд кодта, уони байзайæггæгтæ.*

*Еци нæуæг нацисттæ сæ кæддæри райдзаст фидибæстæй, зæгъун æнгъезуй, исаразтонцæ гъæйттæй концлагерь – сæ хæццæ арази ка нæ адтæй æма сæ зæрдæмæ ка нæ цудæй, уони цæгъдуни кодтонцæ.*

*Кæддæр Германий паддзахадæй фашизм куд рабурдæй, уотæ нуриккон украинаг нацизм идарддæр макумæбал райвула æма хорхгонд æрцæуа æ «авдæни», зæгъгæ, гъе уомæ гæсгæ райста Уæрæсе æхемæ сæрмагонд æфсæддон операци синхаг бæсти зæнхæбæл исаразуни уæззауæй-уæззаудæр ихæс. Цæмæй концлагертæ æма æндæр уæхæн лæгмарæн гъуддæгути кой айдагъдæр историй куд байзайа, сабурдзийнадæмæ бæллæг адæмти цардарæзти ин æгириддæр бунат куд некæдбал уа...*

## ФАШИСТОН КОНЦЛАГЕРТÆ ЕВРОПИ ПАДДЗАХÆДТÆЙ КÆМИ АДТÆНЦÆ...




1. Арбайтсдорф (ФРГ)
2. Аушвиц/Освенцим-Биркенау (Польша)
3. Берген-Бельзен (ФРГ)
4. Бухенвальд (ФРГ)
5. Варшава (Польша)
6. Герцогенбуш (Нидерланды)
7. Гросс-Розен (ФРГ)
8. Дахау (ФРГ)
9. Кауен/Каунас (Литва)
10. Краков-Плашов (Польша)
11. Заксенхаузен (ГДР-ФРГ)
12. Люблин/Майданек (Польша)
13. Маутхаузен (Австрия)
14. Миттельбау-Дора (ФРГ)
15. Натцвайлер (Франция)
16. Нойенгамме (ФРГ)
17. Нидерхаген-Вевельсбург (ФРГ)
18. Равенсбрюк (ФРГ)
19. Рига-Кайзервальд (Латвия)
20. Файфара/Вайвара (Эстония)
21. Флоссенбюрг (ФРГ)
22. Штуттхоф (Польша).

**Æригон Советон Уæрæсей нихмæ истох кæнуни нисанæй 1919 анзи Сау денгизмæ ци французаг флот æрбацудæй, уой денгизонтæ, еци гъуддагбæл арази нæ уогæй, 19 апърели исаразтонцæ исистад.**

***Уæрæсей æвддæс регионей (се 'хсæн Цæгат Иристон дæр) фæззиндтæй уæхæн равгæ: а фæззæги фиццаг къласмæ ке сувæллæнттæ бацæуздзæнæй, еци нийййергути бон æй скъоламæ сæ рагацау ниффинсун дистанцион æгъдауæй паддзахадон лæггæдти портали фæрци. Аци фæткæй пайдагæнæн ес 1 апърелæй фæстæмæ.***

# УÆЗЗАУ ÆНКЪАРÆНТÆ УÆХЕМÆ ХÆСТÆГ МА УАДЗЕТÆ



ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДИ дуйнеуон бон бæрæггонд цæуй алли анз дæр 7 апърели. Еци бон бундор æвæрд æрцудæй Æнæнездзийнади дуйнеуон организацийæн. Æнæнездзийнади бон исбæрæг кæнунæн алли анз дæр фæууй хецæн темæ. Аци хатт е баст æй, адæймагæн æ нифс ку расæттуй, гъенцъун æма уæззау æнкъарæнти буни ку фæууй, уæхæн зæрдиуаги – депрессий хæццæ.

Аци æнкъарæнтæ кæмæн нæ 'нцæ зонгæ, уæхæн адæймаг, æвæдзи, æстæнмæ разиндзæнæй. Уæззау æнкъарæнтæ психикон æгъдауæй æвзарун кæнунцæ зиндзийнæдтæ, адæймаг сæ ахæсти ку бахауй, уæд æ бон нæбал фæууй æ аллибони хумæтæг куститæ кæнун дæр, ихæлун райдайуй æ рахастдзийнадæ æ зонгитæ æма хеуæнттæмæ. Уæхæн зæрдиуагæ æгæр арф ку нииуй, æма берæ рæстæг ку рахæссуй, уæд хатгай адæймаги хе марунмæ дæр æркæнуй. Уæззау бæрæггæнæнтæ куд æвдесунцæ, уотемæй, 15-29-анздзуд æригæнттæ ахиддæр цæй фудæй мæлунцæ, еци дууæ анхосæгемæй дуккаг бунати æнцæ хе маруни цаутæ. Уомæ гæсгæ депрессийæй хе багъæуай кæнунæн ес устур нисанеуæг.

Адæймаг æ хурфæмæ игъосунбæл цæмæй ма фæууа, уой тухxæй ес цалдæр хумæтæг, фал бæлвурд уагæвæрди, æма **фиццаг æй рохс.**

Ахургæндтæ куд бафеппайдтонцæ, уотемæй адæймаг гъенцъун кæнун райдайуй, уæззау æнкъарæнти буни фæууй, анзи афæнттæ кæрæдзей ку фейеивунцæ, уæхæн рæстæги, уæлдайдæр фæззæги, бон цубур кæнун ку райдайуй, уæд. Ахургæндти гъудимæ гæсгæ, рохс ахедуй адæймагæн æ психикон уавæрбæл, дæттуй ин циуавæрдæр тухæ. Уомæ гæсгæ рохсбæл ауæрдун нæ гъæуй. Талингæ хуарз æй айдагъдæр хуссунмæ кенæ ба адæймагмæ æнкъард кæнун ку фæццæуй, уæхæн афони. Уæ цæстæ даретæ, цæмæй уæ кусти бунати дæр уа рохс. Кусти рæстæг рæфтад кæнуни афони дæр зийнадæ ма кæнетæ æма ратезгъо кæниайтæ. Фæлладуадзæн бæнтти ба кæдзос уæлдæфи æрвететæ фулдæр рæстæг. Адæймаги организм хори рохс хъæбæр агоруй æма ибæл уæхецæн ма ауæрдетæ.

**Дуккаг уагæвæрд – хуæруйнаг.** Адæймаг мæтъæл, æрхун кæнун райдæдта, зæгъгæ, уæд гъæуама хуæрун райдайа ести хуæрзадæ æма пайда хуæруйнаг. Организм цох æййафуй гъарæй, уомæ гæсгæ агоруй фулдæр калоритæ. Æгæр берæ хуæрун дæр нæ гъæуй, фал еуминкъий уæддæр уæхе рабоц кæниайтæ, уæ зæрдæ ци хуæруйнаг зæгъа, уомæй. Иронх кæнунуйнаг нæ 'нцæ рæсæ, халсартæ, кальций æма магнийæй гъæздуг продукттæ дæр, уæдта витаминтæ А æма С. Испайда кæнун æнгъезуй аптеки уæййаг витаминтæй дæр.

**Æртиккаг – фулдæр æзмæлун.** Æзмæлгæй тогмæ хуæздæр хъæртунцæ уæлдай ахсгиаг бауæргъæдтæ – эндорфинтæ. Дохтиртæ сæ хонунцæ «амонди» бауæргъæдтæ. Æма е хумæтæги нæй. Зийнадæгæнагæ адæймагмæ аци бауæргъæдтæ нæ фагæ кæнунцæ, фал сæумæй гимнастики цалдæр минутти уин балæвар кæндзæнæй хуар зæрдиуагæ, æма уин е рахæсдзæнæй æнæгъæнæ бон дæр. Бони дæргъи дæр архайетæ фулдæр æзмæлунбæл, тезгъо кæнетæ, архайетæ спортæй. Физкультурæ æма спортæй æнæмæнгæй архайун гъæуй алли бон дæр. Ахсгиаг æй, цæмæй еци архайдæй адæймаг арази уа æхуæдæг. Уæд организм амонди бауæргъæдтæй уодзæнæй æфсес, уæхуæдтæ ба – æнæнез æма рæсугъд.

**Цуппæрæймаг – цæрдæг æма иуонгрæуæгдзийнадæ.** Адæймаг æнæхъаурæ ку исуй, уæд организмæн байагъаз кæндзæнæнцæ кæрдæгути цайтæ, бальзамтæ, уæгъæлий фунх дон æма æндæртæ. Кадæртæ пайда кæнунцæ цай æма кофейæй. Етæ дæр хъаурæ дæттунцæ, фал сæ берæ ба пайда нæй. «Амонди» бауæргъæдтæмæ хауæг серотонин организми цæмæй фæззинна, уомæй хуарз æй шоколад. Адæймагæн гъардзийнадæ ба дæттуй имбирь.

**Фæндзæймаг – рæсугъддзийнадæ.** Архайетæ уобæл, цæмæй уæ алливарс уа аййев – æрдзæ, фадуæттæ, адæм. Уæ кусти бунат, уе стъол гъæуама уонцæ æфснайд, дзаумæуттæ гъæуама уонцæ рæсугъд æма цийнæдзийнадæ хæссæг. Ахиддæр цотæ музейтæмæ, игъосетæ æхцæуæн æнкъарæнтæ хæссæг музыкæмæ. Уазал рæстæги фулдæр пайда кæнетæ сурх хузæ дзаумæуттæй. Бор æма борбун хузтæ дæттунцæ тухæ. Цъæх хузæ адæймаги кæнуй сабур, аразуй ин зæрдæмæдзæугæ, æнцонвадут уавæртæ.

**Æхсæзæймаг – бастдзийнадæ.** Уæ рахастдзийнæдтæ æнгомдæр кæнетæ æма уæхе ахиддæр бæттетæ уæ хæстæгути, уæ зонгити хæццæ, æхцæуæн уин ка 'й, уæхæн адæми хæццæ.

**Æвдæймаг – федæнмæ фæндитæ æма нисантæ** кæнун хуарз æй. Уæхе цæмæй ерхæфсдзинайтæ, зæрдæн æхцæуæндзийнадæ хæссæг уæхæн моцтæбæл рагацау гъуди кæнетæ, æлхæнетæ уæхецæн уæлæдарæс, хе рæсугъдгæнæн дзаумæуттæ. Уæхе ерхæфсетæ, адæймаги кæми исрæсугъд кæнунцæ, уæхæн салонтæмæ цæунæй, нæуæг дзаумæуттæ æлхæнунæй, иуазæгуати цæунæй, спортæй архайунæй. Рагацау ке исфæндæ кодтайтæ æма æнгъæлмæ кæмæ кастайтæ, еци нисантæ алкæддæр уæ къохи æфтуйæнтæ.

*Медицинон профилактики республикон центр*

# «РАСТ ФÆНДАГ»-И ХУАРЗÆНХÆ

ПАДДЗАХАДИ харзæй медицинон агъаз райсæн кутемæй ес, уой базонæн ес Уæрæсей æвæстеуатон телефони бастдзийнади фæрци.

Уæззау сæйгæ сувæллонæн гъæугæ дзæбæхкæнуйнадæ æма хуастæй ефтонггадæ бафедун ке бон нæй, уæхæн ниййергутæн проект «Медицинон агъазагорæг хуæрзауодæн службæ «Раст фæндаг»-и æнхæсткæнуйнади фæткæмæ гæсгæ косун райдæдта æвæстеуатон телефони бастдзийнади лини. Хуæдбарæ æнæкоммерцион косæндонæ «Нæуæг проекти æнхæсткæнуйнади фæдбæл стратегион фæндæнтти агентадæ»-йи агъазæй фарæй нурмæ проект æнхæст кæнунцæ.

Хуæдбарæ æнæкоммерцион косæндонæ «Раст фæндаг»-и специалисттæ паддзахади, хуæрзауодæн фондтæ æма агъазиау компанити харзæй медицинон агъаз райсуни аллихузон фæндæнттæ лæвар агорунцæ, ниййергутæ гъæугæ агъаз цалинмæ райсонцæ, уæдмæ сæмæ цæстæ даргæй. **Бадзорæн ес мæнæ уæхæн телефонæй: 8-800-303-30-30.**

Уой хæццæ, Служби кусти фæткæ амонуй регионти цæрæг адæми дзæбæхкæнуйнади, уæдта сæ хуастæй æма реабилитаций техникон фæрæзнитæй ефтонгкæнуйнади хæрзтæ бафедуни фадуæттæ иссерунæн æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнадæ æма социалон ирæзти управлений оргæнти косгути хæццæ парахат æмгустадæ.

Нури уæнгæ 37 уæрæсейаг региони еугонд æнцæ уæлдæр амунд телефони хæццæ. 360 бийнонтемæн агъазгонд æрцудæй. Аци анз фæййагъаз кæндзæнæнцæ тæккæ минкъийдæр 700 бийнонтемæн.

**Бæрнон адæймаг – Антон Владимири фурт Яремчук, хуæдбарæ æнæкоммерцион косæндонæ «Раст фæндаг»-и генералон директор, телефон: +7-926-207-62-00, ay@vernap.ru.**

*Республикæ Цæгат Иристон-Аланий мухур æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути Комитети пресс-службæ*



Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.

Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.
Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **500**. Заказ **№749.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 14.04.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 14.04.2022

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.

Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.
Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.